

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Masyarakat jeung kabudayaan teu bisa dipisahkeun dina kahirupan, sabab kabudayaan mangrupa maniféstasi tina aktivitas hirup masyarakat. Salah sahiji wujud tina budaya masyarakat nya éta karya sastra. Karya sastra gelar lantaran aya dorongan tina diri manusa pikeun nyumponan pangabutuh batinna. Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya anu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis anu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa (Iskandarwassid, 2003: 138).

Salaku karya anu kréatif, karya sastra mangrupa ungkapan pribadi manusa tina ide-idenana, pangalaman, jeung pikiran dirina. Dumasar kana éta hal, karya sastra mun diteuleuman jeung diteleban ngandung ajén-ajén anu luhur. Ajén-ajén anu nyampak dina karya sastra di antarana ajén falsafah, ajén budaya, ajén kaagamaan, ajén didaktis, ajén psikologis, jeung ajén moral.

Salah sahiji titinggal budaya anu mangrupa hasil karya sastra téh nya éta naskah. Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 90), anu dimaksud naskah dina ulikan sastra nya éta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, biasana dibeundeul atawa dibukukeun (lain hasil citak); atawa buku anu eusina wacana dina tulisan leungeun. Naskah ogé mangrupa dokumén tinulis hiji sélér bangsa, nu ngandung ajén-ajén budaya mangsa katukang nu jumlahna sakitu lobana di Nusantara.

Ruhaliah (2002: 8) ngébréhkeun yén upama niténan waktu, naskah Sunda aya nu disebut naskah heubeul (kuno), naskah pertengahan, jeung naskah anyar. Euweuh aturan nu pasti pikeun nangtukeunna, bisa jadi tina aksara nu digunakeun bisa ogé ditingali tina waktu ditulis éta naskah. Naskah heubeul réréana ditulis dina aksara jeung basa Sunda buhun jeung Jawa Kuno. Naskah nu kaasup période anyar di antarana naskah-naskah nu ditulis dina aksara Pégon, Cacarakan, jeung Latén.

Nurutkeun Ekadjati (Ruhaliah, 2010: 8), panyusun naskah téh asalna tina tilu lingkungan sosial, nya éta karaton, agama (mandala, pasantrén, kaum), jeung rahayat biasa (patani, tokoh adat, dukun, guru).

Naskah téh ngandung kabeungharan informasi. Eusi naskah teu ngan sarupa. Eusi naskah teu ngan kawatesanan kana kasusastraan tapi ngawengku widang séjén, saperti kabudayaan, agama, sajarah, ékonomi, sosial, jeung politik. Ku kituna kaayaan naskah miboga kalungguhan penting dina kahirupan kabudayaan ogé pikeun ngajembaran wawasan masarakat. Nu kaasup kana naskah sastra nu eusina sagemblengna sastra di antarana wawacan, pantun, jeung guguritan.

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1969: 158) dijéntrékeun yén guguritan téh asal kecap tina gurit, “Gurit, guguritan, ngadangding, ngarang tembang, guguritan, hasil ngagurit”. Sedengkeun nurutkeun Yus Rusyana (1984: 94) guguritan téh karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Nu ngajadikeun wangun guguritan téh wangun ugeran bébas, kauger ku aturan pupuh.

Guguritan geus lila gelar di tatar Sunda, katitén ti mimiti abad ka-19 geus lahir pangarang-pangarang guguritan dina basa Sunda. Yus Rusyana (1984: 94) nataan para pangarang guguritan, di antarana: R. Haji Muhamad Musa (1822-1866) nganggit “Wulang Krama” (1865). R.A. Bratadiwijaya nganggit “Asmarandana Lahir Batin” (1892). Haji Hasan Mustapa (1852-1930) nganggit welasan rébu pada guguritan, upamana baé “Kinanti Ngahurun Balung”, “Asmarandana Babalik Pikir”, “Sinom Pamulang Tarima”, “Dangdanggula Panorah Rasa”, jeung réa-réa deui. Kalipah Apo (R. Haji Muhamad Sueb) nganggit “Dangdanggula Laut Kidul” (1921). M.A. Salmun anu sakapeung sok maké ngaran singgetan M.A.S. jeung ngaran samaran (1903-1972) nganggit ratusan guguritan. Malah tepi ka kiwari masih aya pangarang anu nganggit guguritan, upamana Wahyu Wibisana, Apung S.W. Dedy Windyagiri, jeung sajabana.

Di antara pangarang guguritan anu ditataan di luhur, aya anu sabada perang karék mucunghul tur dianggap mangrupa bujangga pangbadagna di Sunda, nya éta Haji Hasan Mustapa. Padahal Haji Hasan Mustapa téh geus mimiti nulis ti saméméh taun 1900. Haji Hasan Mustapa mangrupa bujangga anu kungsi dipaparin hadiah seni ku Présidén Républik Indonésia salaku “Sastrawan Daérah Sunda” taun 1977, ogé penghargaan ku Gubernur Jawa Barat saméméh taun 1965.

Haji Hasan Mustapa geus ditarima di masarakat minangka bujangga Sunda pangbadagna, tapi karya-karyana masih réa kénéh anu teu dipikawanoh ku masarakat Sunda. Padahal loba tulisan penting anu diserat ku Haji Hasan Mustapa dina sabudeureun taun 1900. Karya-karya Haji Hasan Mustapa pangpangna

guguritan anu aréndah, saeutik pisan anu dipublikasikeun ogé anu ditalungtik. Kaasup dina buku-bubu sastra taun 1967 katukang, tara aya nu ngabahas Haji Hasan Mustapa. Buku sastra anu mimiti ngabahas Haji Hasan Mustapa téh nya éta *Kususasteraan Sunda Dewasa Ini* (1967) beunang Ajip Rosidi.

Nurutkeun Ajip Rosidi (1989: viii), aya dua hal anu jadi kasang tukang masalah di luhur, dijéntrékeun ieu di handap:

- 1) Aya prasangka ka Haji Hasan Mustapa, tina segi agama (dianggap nganut paham anu pasalia jeung paham *ahlus sunah waljamaah*), tina segi politik (ku sabab sosobatan jeung Prof. Dr. Snouck Hurgronje, *Adviseur voor Inlandschzaken*);
- 2) Eusi karya Haji Hasan Mustapa béda pisan tina umumna eusi karya-karya sastrawan Sunda mangsa harita. Sanajan karya-karya puisina winangun guguritan, tapi Haji Hasan Mustapa mah ngabahas masalah-masalah kapangéranan. Sacara leuwih husus deui masalah taohid. Anu dina sastra Jawa naskah sarupa kitu dianggap seratan para wali, anu disebut kitab suluk tapi eusi guguritan Haji Hasan Mustapa leuwih deukeut kana tradisi puisi sufi Islam dina basa Arab, mangrupa dua widang anu henteu dipikawanoh, tur dipikaresep ku masarakat Sunda.

Karya-karya Haji Hasan Mustapa mimiti timbul tur dipikawanoh ku balaréa sabada perang, ngaliwatan dua jalan nya éta ku ngaliwatan anékdot-anékdotna anu sumebar sacara lisan nu satuluyna dimuat di média masa ogé ku ayana bahasan-bahasan Haji Hasan Mustapa anu ditulis ku jalma-jalma anu kabeneran meunang kasempetan wawanohan jeung karya-karya Haji Hasan

Mustapa anu sumebarna kawatesanan (Rosidi, 1989: viii). Saperti anékdot-anékdot Haji Hasan Mustapa anu ngagambarkeun kawantunna nyaurkeun hal-hal anu henteu ilahar, tur hésé pikeun dijawab. Ieu di handap mangrupa salah sahiji kutipan anékdot Haji Hasan Mustapa (Rosidi, 1989: 69).

Kangjeng Dalem: “Éta Panghulu téh antek euweuh kasieun coba nepi ka wani ka Sayyid Uthman, anu kakocap sakitu pinterna.”  
 Waleran Haji Hasan Mustapa: “Pinter abdi Dalem sareng manéhna mah.”  
 “Tuh nepi ka kitu! Kumaha kateranganana?”  
 “Abdi Dalem mah terang kana basa Arab, ari Sayyid Uthman mah kana basa Sunda luput pisan.”

Tina kutipan anékdot di luhur katitén pisan katapisan mingges omongan batur anu memang kagambarkeun dina sajumlah anékdot-anékdotna. Salian ti tapis mingges hujah batur, aya kaistiméwaan séjén nu matak dipikaresep ku balaréa, nya éta pikaseurieun. Ieu di handap mangrupa salah sahiji kutipan anékdot Haji Hasan Mustapa (Rosidi, 1989: 76) anu ngagambarkeun pikaseurieun pikeun nu maca.

Kangjeng Dalem: “Cik ménta jawaban nu saenyana, naon kasieun Panghulu? Na euweuh pisan?”  
 “Aya, mung sarupi.”  
 “Tah geuning. Naon?”  
 “Ku nu nagih.”  
 Kangjeng Dalem gogodeg bari ngagikgik. “Panghulu mah mutuh....”

Tina anékdot-anékdotna ogé bisa kagambar yén Haji Hasan Mustapa téh jalma pinter tur wanian. Ieu di handap salah sahiji anékdot Haji Hasan Mustapa (Rosidi, 1989: 79) anu ngagambarkeun kapinteran anjeunna.

Sakali mangsa jaksa kapépéd, sabab bangsatna henteu ngaku yén geus maling bandana Ki Sarip. “Teu rumasa abdi maling banda papada manusa,” cek bangsat téh, “Da apan manusa mah sanés nu gaduhna. Sagalana ogé apan kagungan Allah.” Jaksa henteu bisa ngadakwa sabab taya dina undang-undangna nu ngalarang jalma ngagunakeun barang Allah ta’ala. Nepi ka sidang ditutup heula. Ménta saran ka Haji Hasan Mustapa.

Saur Haji Hasan Mustapa ka bangsat téa waktu sidang dibuka deui, “Kami geus unjukan ka Allah ta’ala, dawuhanana: Hukum baé manéh dua bulan panjara sabab geus wani-wani maling banda Kami.”

Si bangsat teu bisa kukumaha.

Tina anékdot-anékdot di luhur, katitén jelas Haji Hasan Mustapa kawilang pantes saupama dianggap ku masarakat Sunda jadi bujangga pangbadagna di Sunda, anu dipiagul, dipireueus ku sakumna masarakat Sunda.

Téma-téma guguritan Haji Hasan Mustapa ngeunaan kapangéranan, réa istilah-istilah anu dibahasna saperti ngeunaan sipat Alloh, kayaning “Sipat 20”, jeung bahasan-bahasan tasawuf anu digunakeun ku Haji Hasan Mustapa dina guguritan-guguritanna, kayaning dat, sipat, *af'al*, *asma*, *sama'*, *basyar*, *ma'ani*, *ma'nawiyah*, *ubudiyah*, *ilahiyah*, hakékat, *ma'rifat*, saré'at, tarékat, *wajibul wujud*, *mutmainah*, *lowamah*, jsb. (Rosidi, 1989: 88)

Dina karya-karyana Haji Hasan Mustapa ogé sering ngagambarkeun manusa nu teu aya reureuhna néangan Gusti-na, tapi teu baé kapanggih. Ieu di handap kutipan guguritan Kinanti “*Puyuh Ngungkung dina Kurung*” karya Haji Hasan Mustapa (Rosidi, 1989: 17).

Ngalantung néangan itu,  
ieu deui ieu deui,  
sapanjang néangan éta,  
itu deui itu deui,  
sapanjang néangan mana,  
ieu deui ieu deui.

Sapanjang néangan kidul,  
kalér deui kalér deui,  
sapanjang néangan wétan,  
kulon deui kulon deui,  
sapanjang néangan aya,  
euweuh deui euweuh deui.



Nurutkeun Ajip Rosidi (1989: 493-499) naskah karya Haji Hasan Mustapa sakabéhna aya 94 naskah, 23 naskah dina wangun prosa, anu disebut prosa téh nya éta wanda basa karangan anu rakitanana cara basa sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur intonasi anu matok, jsté. (Iskandarwassid, 2003: 116), jeung 71 naskah dina wangun puisi, puisi nya éta wanda basa karangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna jeung ku diksina; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa (Iskandarwassid, 2003: 116-118).

Haji Hasan Mustapa dina karya-karyana katitén ngagabungkeun tilu kabudayaan, dimana basa anu dipakéna nya éta basa campuran tina basa Sunda jeung basa Arab, dina wangun pupuh nu mangrupa pangaruh ti budaya Jawa, tur ditulisna dina aksara Pégon. Dina kahirupan masarakat ayeuna katitén yén henteu sakabéh masarakat Sunda bisa ngarti kana karya-karya Haji Hasan Mustapa, komo deui masarakat awam anu kurang maham kana basa Sunda buhun, anu kurang maham atawa henteu maham sama sakali kana aksara Arab Pégon, atawa masarakat Sunda anu kurang maham papagon agama Islam, sanajan geus meunang hasil transkripan. Sabab kitu, peran filologi dina ngatransliterasi naskah pikeun ngamumulé warisan budaya bangsa anu diébréhkeun dina wangun tulisan samodél kitu téh kacida pentingna. Pancén filologi nya éta pikeun meunangkeun deui naskah anu beresih tina kasalahan, nu méré wangenan sabener-benerna tur méré tanggungjawab salaku naskah anu pangdeukeutna tina aslina. Katitén dina mangsa ayeuna loba kamajuan, ku ayana sababaraha makalah, karya ilmiah, buku anu dihasilkeun tina transliterasi para filolog. Kaasup buku guguritan karya Haji

Hasan Mustapa hasil transliterasi Ruhaliah jeung Iskandarwassid anu diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama, sangkan bisa mageuhan panalungtikan ngeunaan naskah guguritan lianna kahareupna. Ogé katitén penting peran panalungtik pikeun maluruh karya-karya samodél kieu, sabab saperti halna dina karya-karyana Haji Hasan Mustapa, réa pisan ngagunakeun kecap anu henteu ilahar, kekecapan nu kacida pisan jembarna, Haji Hasan Mustapa ogé réa ngadamel kecap-kecap anyar mangrupa istilah, idiom pikeun harti nu can nyampak saméméhna. Di sagigireun éta Haji Hasan Mustapa sering pisan nyutat ayat-ayat atawa hadis boh sapotong-sapotong atawa sacara gembleng atawa istilah-istilah dina basa Arab, boh dina guguritan boh dina karangan lancar. Saperti dina cutatan guguritan Haji Hasan Mustapa (Ruhaliah, 2009: 17-18) ieu di handap.

Pribadi keur ngadu napsu,  
 bijil sotéh Kangjeng Nabi,  
 ka *qul huwallahu ahad*,  
 bisi kasisipan budi,  
 jatnika tara midua,  
 bibit hiji ti ngajadi.

Tina kutipan guguritan Haji Hasan Mustapa di luhur katitén ayana ayat Al Qur'an sacara gembleng nya éta Surat Al-Ikhlâs ayat 1, anu hartina “Pok ucapkeun Allah téh Mahaésa.”

Anu migandrung kana karya-karya Haji Hasan Mustapa téh kawilang loba, tapi réréana kana anékdote-anékdote, anu némbongkeun “kamahiwalan” Haji Hasan Mustapa. Sedengkeun anu neuleuman karya-karyana mah henteu réa.

Nilik kana masalah-masalah anu dibahas di luhur, katitén kacida pentingna diayakeun panalungtikan ngeunaan karya Haji Hasan Mustapa, sangkan bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan titinggal budaya Sunda, di sagigireun éta ogé



bisa ngayakeun panalungtikan leuwih jero ngeunaan karya-karya Haji Hasan Mustapa anu ayeuna geus diaku salaku bujangga pangbadagna di Sunda. Hiji hal anu teu wajar saupama urang Sunda miagul Haji Hasan Mustapa tapi teu wawuh jeung teu maham kana karya-karya Haji Hasan Mustapa anu kacida hébatna. Éta panalungtikan ngawengku eusi karya Haji Hasan Mustapa dina wangun guguritan. Ngabahas ngeunaan ma'na jeung ajén agama anu nyampak dijero karya. Saperti anu dipikawanoh ku balaréa, karya Haji Hasan Mustapa sering ngabahas kaula (manusa) jeung Sang Khalik (Pangéran anu nyiptana). Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Ajén Agama Guguritan Haji Hasan Mustapa (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik kana Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu*)” dilaksanakeun.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Hasil karya Haji Hasan Mustapa sakabéhna aya 94 naskah (Ajip Rosidi, 1989: 439-499). Tapi anu dijadikeun bahan panalungtikan dina ieu tésis mangrupa buku guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa hasil transliterasi Ruhaliah anu geus diterbitkeun tur disumebarkeun ti taun 2009. Dina ieu panalungtikan ngabahas ngeunaan ma'na jeung ajén agama anu aya dina éta guguritan.

### 1.2.1 Watesan Masalah

Kalawan nekenkeun kana pasualan sakumaha idéntifikasi di luhur, sacara gurat badagna dina ieu tésis, téks-téks Haji Hasan Mustapa anu mimiti dikaji nya

éta téks jeung eusina ku cara ngagunakeun pamarekan struktural ogé hermeneutik, sangkan bisa katitén ajén agama anu nyampak dina séri guguritan Haji Hasan Mustapa.

Pamarekan struktural digunakeun pikeun nganalisis unsur carita anu diwangun ku téma, latar, gaya carita, jeung amanat. Sedengkeun métode hermeneutik pikeun napsirkeun maksud pangarang sastra tina hasil karyana.

Eusi naskah-naskah Haji Hasan Mustapa sacara husus ngabahas kaislaman nya éta manusa jeung Nu Mahakawasa. Ku kituna dina ieu panalungtikan ogé ditalungtik ngeunaan ajén agama anu aya dina guguritan Haji Hasan Mustapa, dumasar kana Al Qur'an jeung Hadis salaku papagon keur anu ngagem agama Islam.

Dina ieu panalungtikan dipilih tina lima judul guguritan Haji Hasan Mustapa hasil transliterasi Ruhaliah jeung Iskandarwassid nya éta: (1) *Kinanti Kulu-Kulu*; (2) *Sinom Barangtaning Rasa*; (3) *Asmarandana nu Kami*; (4) *Dangdanggula Sirna Rasa*, jeung (5) *Sinom Wawarian*. Anu jadi bahan panalungtikan nya éta Guguritan *Kinanti Kulu-kulu*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi struktur luar téks guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa?

- 2) Kumaha déskripsi téks guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa ditilik tina kajian hermeneutik?
- 3) Naon waé ajén agama anu nyampak dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan mibanda udagan pikeun mekarkeun pangaweruh ngeunaan titinggal budaya Sunda. Di sagigireun éta ogé sabada diayakeun ieu panalungtikan, bisa dijadikeun sumber bacaan masarakat Sunda pikeun mikawanoh tur maham kana eusi guguritan Haji Hasan Mustapa. Sakaligus bisa ngawewegan buku guguritan Haji Hasan Mustapa anu geus sumebar di masarakat Sunda sangkan bisa ngeuyeuban sumber bacaan.

Dumasar kana éta hal, bakal dilakukeun panalungtikan anu miboga tujuan saperti ieu di handap:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur téks guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa;
- 2) Ngadéskripsikeun téks guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa ngagunakeun kajian hermeneutik;
- 3) Ngadéskripsikeun ajén agama anu nyampak dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa.

#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Haji Hasan Mustapa dianggap bujangga pangbadagna di Sunda, anu kungsi dipaparin hadiah seni ku Présidén Republik Indonésia salaku “sastrawan daérah Sunda” taun 1977 (Rosidi, 1989: vii). Hasil karya nu sakitu lobana ngabahas ngeunaan kaislaman hususna manusa jeung Pangéran (anu nyiptana), ku kituna ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngajadikeun nu maca leuwih sumanget tur daria dina ngeuyeuban élmu kaislaman (manusa jeung Nu Mahakawasa).

Sacara umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun usaha ngungkab kahirupan basa Sunda dina rupaning widang sacara tuluy tumuluy.

Sacara husus, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sakumaha ieu di handap.

- 1) Pikeun sakumna masarakat Sunda, bisa digunakeun salaku wahana ngajembaran pangaweruh jeung sawangan hirupna, utamana dina mekarkeun pangaweruh dina widang kabasaan, sastra;
- 2) Pikeun sakumna masarakat Sunda, bisa dijadikeun sumber pikeun mikawanoh jeung maham kana eusi karya Haji Hasan Mustapa anu dianggap bujangga pangbadagna di Sunda. Sangkan teu kajadian deui masarakat Sunda miagul Haji Hasan Mustapa tapi teu apal karya-karyana;
- 3) Bisa leuwih ngajembaran buku-buku sumber bacaan ngeunaan Haji Hasan Mustapa;

- 4) Sabada panalungtikan bisa dijadikeun bahan bacaan umum, bisa jadi sumber pangaweruh, inspirasi pikeun ngahasilkeun karya sastra anu leuwih jero tur bisa ngawangun sifat jeung tingkahlaku masarakat anu leuwih hadé.

## **1.5 Anggapan Dasar jeung Raraga Tiori**

### **1.5.1 Anggapan Dasar**

Patali jeung anu diébréhkeun di luhur, anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan didadarkeun ieu di handap.

- 1) Hasil karya Haji Hasan Mustapa tacan loba anu nalungtik nu ngajadikeun masarakat Sunda tacan loba anu wanoh kana karya-karya Haji Hasan Mustapa, mangrupa bujangga anu dipiagul ku masarakat Sunda;
- 2) Henteu sakabéh masarakat Sunda bisa maham kana eusi karya Haji Hasan Mustapa, saperti buku guguritan Haji Hasan Mustapa hasil transliterasi anu geus mimiti sumebar di masarakat;
- 3) Diperlukeun panalungtikan-panalungtikan anu dilakukeun ngeunaan naskah-naskah Sunda pikeun ngajembaran wawasan kaélmuan tur ngabeungharkeun kabudayaan Sunda. Saperti hasil karya Haji Hasan Mustapa anu dianggap bujangga pangbadagna di Sunda;
- 4) Perlu diayakeun panalungtikan-panalungtikan anu leuwih jero tina hasil transkripsi anu aya nu mangrupa titinggal kabudayaan Sunda, kaasup naskah penting karya Haji Hasan Mustapa.

### 1.5.2 Raraga Tiori

Tatapakan tiori mangrupa tatapakan pikeun medar masalah-masalah nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan. Kajian tiori raket patalina jeung buku sumber nu luyu jeung masalah anu ditalungtik. Buku sumber anu dijadikeun acuan dina ieu panalungtikan dijadikeun dua kelompok nya éta: (1) tiori agama jeung (2) tiori sastra.

Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta museur kana papagon umat Islam, nya éta Al Qur'an jeung Hadist. Ieu panalungtikan ogé museur kana buku-buku sumber tiori, di antarana nya éta: "*5 Teori Sastra Kontemporer dan 13 Tokohnya*" karangan Mohammad A. Syuropati, "*Dasar-dasar Agama Islam*" karangan Zakiah Darajat, dkk, "*Metodologi Penelitian Sastra*" karangan Suwardi Endraswara, "*Memahami Bahasa Agama Sebuah Kajian Hermeneutik*" karangan Komaruddin Hidayat, "*Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra dari Strukturalisme Hingga Postrukturalisme Perspektif Wacana Naratif*" karangan Nyoman Kutha Ratna, "*Sejarah Sastra Sunda*" karangan Ruhaliah, "*Wawacan Sebuah Genre Sastra Sunda (Diktat)*" karangan Ruhaliah, "*Hermeneutik Sebuah Metode Filsafat*" karangan E. Sumaryono, "*Rawayan Jati Kasundaan*" karangan H.R. Hidayat Suryalaga, "*Pendidikan Agama Islam Untuk Perguruan Tinggi*" karangan Toto Suryana, "*Tiori Kasusastraan* karya Austin Warren jeung Rene Wellek, "*Tiga Pokok Ajaran Agama Islam dari Alqur'an san Sunnah*" karangan Sheikh Muhammad bin Abdul Wahab, "*Studi Islam Jilid I: Akidah*" karangan Prof. Drs. H. Masjfuk Zuhdi,



“*Studi Islam Jilid II: Ibadah*” karangan Drs. Masjfuk Zuhdi, jeung “*Studi Islam Jilid III: Muamalah*” karangan Prof. Drs. H. Masjfuk Zuhdi, jrrd.

## 1.6 Struktur Organisasi Tésis

Hasil-hasil dina ieu panalungtikan disusun ngawengku lima bab kalawan sistematika sakumaha tabél ieu di handap.

**Tabél 1.1**  
**Sistematika Laporan Panalungtikan**

No.	Bab	Judul Bab	Eusi Bab
1	I	BUBUKA	Mertélakeun perkara kasang tukang watesan jeung rumusan pasualan, udagan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung wangenan istilah
2	II	TATAPAKAN TIORI	Ngadadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis pasualan anu ditlungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan liana salaku rujukan konsép jeung tiori. Sawangan anu didadarkeun ngawengku tiori perkara ajén agama, tiori struktural, jeung métode hermeneutik.
3	III	MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN	Mertélakeun perkara métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, jeung prosédur analisis data

4	IV	<b>AJÉN AGAMA GUGURITAN HAJI HASAN MUSTAPA</b> (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik)	<p>Ngadadarkeun hasil analisis data anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan jeung pedaranna dumasar kana pamarekan ajén kaagamaan jeung, ulikan ngaguna-keun tiori struktural, jeung métode hermeneutik dina karya Haji Hasan Mustapa nya éta guguritan <i>Kinanti Kulu-Kulu</i>.</p>
5	V	<b>KACINDEKAN JEUNG SARAN</b>	<p>Mertélakeun kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab sa-méméhna, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalung-tikan liana.</p>